



Pou Piblikasyon Imedya: 16/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO VOYE YON LÈT BAY KONSÈY ADMINISTRASYON MTA A POU MANDE RESPONSABILITE ATRAVÈ MEZI PÈFÒMANS YO NAN PLAN REYÒGANIZASYON AN

Gouvènè Andrew M. Cuomo te voye yon lèt jodi a bay Konsèy Administrasyon MTA a pou mande yo enkli dat achèyman travay yo ak mezi pèfòmans yo nan Plan Reyòganizasyon yo an.

*Tèks konplè lèt la disponib anba la a:*

A: Konsèy Administrasyon MTA a

Yo te enfòme mwen sou Plan Reyòganizasyon preliminè ou a. Mwen te deja fè kòmantè pou di ke li esansyèl pou ke Plan Reyòganizasyon final la abòde yon pwoblèm krisyal majè pou MTA a; notamman, ogmantasyon nan kantite moun ki sanzabri ki nan sistèm nan.

Genyen tou yon mank grav nan Plan Reyòganizasyon preliminè a kote li pa gen okenn dat pou achèyman travay yo oswa mezi pèfòmans yo. Sigjesyon ki di ke plan an ta ka pran de ane pou akonpli an li akseptab sèlman si li gen rapò ak achèyman plan total la. Sepandan, li esansyèl pou yo akonpli pwogrè konsiderab imedyatman.

Plan Reyòganizasyon an gen ladan adopsyon ak enstitisyonalizasyon leson yo, mwayen yo ak metòd yo ki deja an pratik epi ki te pwouve efikasite yo pandan de ane ki sot pase yo nan Plan Aksyon pou Metwo a (Subway Action Plan). Fonksyon MTA se kontinye ak pwogrè ki te deja fèt yo epi adopte sistèm ki te pwouve ke yo fonksyone yo. Plan Aksyon pou Metwo a kontoune biwokrasi MTA a ak jesyon global ki santralize, asistans dirèk ki soti nan men otorite leta yo, ak itilizasyon entansif antrepriz ekstèn yo. Pandan ke kèk resous finansye adisyonèl pral kontinye epi otorite leta yo pral ap asiste, jesyon MTA a dwe kounye a angaje konplètman. Fado a soti sou do MTA a pou vin aktyèlman enstitisyonelize sistèm jesyon ki efikas yo epi reyalize travay yo ke yo pa't rive reyalize anvan sa.

An plis de enstitisyonelize metòd Plan Aksyon pou Metwo a ki ap kontinye yo, MTA dwe imedyatman mete sou pye refòm legal ke yo te adopte nan kòmansman ane sa a. Konsèy MTA a dwe adopte refòm sa yo oswa yo pral an vyolasyon lalwa. Genyen inisyativ ak refòm majè tou ke yo te anonse oswa ki deja an pwogrè ke nou dwe fè vanse.

- Yo te anonse Fòs Entèkansyon sou Evazyon Fiskal ak Sekirite Travayè yo (Fare Evasion and Worker Safety Taskforce) epi li te dwe totalman operasyonèl nan kèk semèn.

- Yo te anonse tou Fòs Entèkansyon sou Vitès ak Sekirite Tren yo (Train Speed and Safety Taskforce) ak travay ki gen pou fin konplete nan kèk mwa.
- Operasyon estasyon ak machann netwayaj machin ekstèn yo te gen pou fin konplete nan fen ane a.
- Enstalasyon materyèl byometrik pou repare sistèm "tan ak patisipasyon" ki gen pwoblèm nan te gen pou fin konplete nan twa mwa.
- Yon konferans Cornell Technion pou atire nouvo machann ak nouvel teknoloji pou sistèm navigasyon tren an te gen pou fin konplete nan mwa Septanm.
- Verifikasyon jidisyè ak Konsèy Revizyon Plan Kapital la te mandate devan lalwa epi yo ta dwe ap vanse kounye a. Pa gen okenn nouvo Plan Kapital ki prepare jiskaske atik sa yo fin konplete.
- Menm jan pwosedi esklizyon "move antrepriz" yo te mandate devan lalwa, epi si yo poko reyalize, MTA an vyolasyon lwa sa a.
- Kontra sendika TWU a te ekspire epi Prezidan Foye dwe dirèkteman responsab pou negosyasyon an pou egzekite yon nouvo kontra. Yon konpozan esansyèl nan nouvel negosyasyon kontra a pral detèminasyon sou si wi ou non sendika a pral adopte mwayen, metòd, pwosedi ak itilizasyon ekipman yo de mezi antrepriz endepandan ki reyisi yo.
- MTA gen yon kantite rekò ki ekstrèmman pòv nan anboche nouvo talan yo. Li esansyèl pou ke yo entwodwi konesans ki gen "san nèf" ak sa ki modèn yo pou nenpòt òganizasyon. Plan an mande pou gen yon Ofisye Transfòmasyon An Chèf, Ofisye Operasyon An Chèf, Chèf Sèvis Sipò yo, Direktè Asirans Kalite, Rechèch ak Devlopman, Apwovizyonman, Resous Imèn, yon Konseye pou Andikape, ak Direktè Teknoloji Enfòmasyon. Nouvel pozisyon travay sa yo esansyèl pou kòmanse ak pwogrè yo epi mwen konprann ke plan an se pou genyen yo nan ekip lan nan yon delè twa mwa.

An plis, jan nou te diskite, nou dwe abòde imedyatman kriz sityasyon sanzabri an nan plan final la.

Sou tout pwoblèm sa yo, Manm Konsèy lan yo pa sèlman gen yon devwa legal, fidisyè, men tou yo gen ekspètiz espesifik pou gide MTA. MTA a pa pral fè refòm tèt li. Kilti disfonksyonèl la te entegre depi lontan. Biwokrasi yo reziste a chanjman yo epi ap chèche prezève kondisyon san chanje yo. Refòm lan soti sèlman nan yon sous ekstèn. Se poutèt sa lwa a te espesifikman responsabilize Konsèy lan ak responsabilite pou Plan Reyòganizasyon an. Fonksyon Konsèy sa a pwolonje tou a egzekisyon Plan Reyòganizasyon an. Plan Aksyon pou Metwo a se yon reyisit ki te domine jesyon ak biwokrasi MTA. Similèman, reyòganizasyon ak transfòmasyon an pral akonpli sèlman sou rezistans biwokrasi a.

Mwen gen asirans ke nou pral dakò ke travay ki pi difisil MTA ap fè yo pou reyòganizasyon an yo prezante pa pwojè kapital yo. Nan opinyon mwen, pi gwo nivo difikilte yo prezante pa: East Side Access, ekstansyon metwo 2nd Avenue, kat nouvel estasyon Bronx yo, estasyon Belmont lan, dezyèm ak twazyèm wout LIRR yo, tinèl L Train lan, elatriye. Pwojè sa yo pral jere separeman pou ke yo pa sichaje kapasite òganizasyon an. Mwen pral gen otorite eta yo ki ap travay pou sipleman kapasite

MTA a nan pwojè kapital sa yo. Evidamman, Konsèy lan ta dwe sipèvize pwojè sa yo tou. Fokis prensipal Plan Reyòganizasyon an se sou sistèm jesyon operasyonèl bazik yo. Sa pa yon syans ekstrayòdinè, men se pito egzekisyon ak reyalizasyon bazik. Sepandan, echèk kwonik MTA a se enkapasite li pou jere epi egzekite ak efikasite.

Plan Reyòganizasyon final la dwe gen estanda espesifik, dat, endikatè pèfòmans ki mezirab ak peryòd tan yo.

Mwen gen asirans ke AlixPartners, oswa nenpòt konsiltan jesyon kredib, ta pral dakò ke yon plan transfòmasyon san estanda espesifik ak yon plan pèfòmans òganizasyonèl san endikatè espesifik li plis kreye ilizyon. Plan final lan ta dwe enkli dat achèyman yo pou dosye nou sot diskite la yo, ansanm ak atik ki espesifye nan reyòganizasyon an.

An rezime, entèvansyon ekstrayòdinè nan Plan Aksyon pou Metwo a pa dirab, men yo pa ta dwe tou janm nesèsè. Si MTA te fè travay bazik li, kriz 2017 lan pa ta pral janm rive.

Moun New York yo te investi plizyè milya dola nan sistèm lan ak pi gwo pri, enpo ak enkonvenyans. Moun New York yo te plis ke pasyan. MTA dwe kontinye ap pwogrè Plan Aksyon pou Metwo a te fè yo. Mwen ap sigjere nou fè mizajou espesifik, ki detaye nan reyalizasyon plan an nan reyinyon mensyèl ou yo pou sipèvize peryòd tan, dat delè yo, ak nivo achèyman yo. Si reyalizasyon an ap debakle oswa gen reta, popilasyon an gen dwa pou yo konnen pi bonè olye de pi ta.

Mwen pral mande yon evalyasyon konplè de pwogrè MTA a ke yo dwe fè pandan sis mwa pou enfòme desizyon politik ak pwogram fiti yo.

Pa gen lòt eskiz, politik, dram, echapatwa oswa tolerans ankò pou pa bay pèfòmans. Swa ke jesyon an konplete travay li yo oswa li pral echwe nan devwa piblik li.

Sensèman,

Gouvènè Andrew M. Cuomo

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)